


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 15 (7207) 18 апрель Итни 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## «Чияр монастыралъуре нилъер уставгун лъугьунаро»

(Гьоркьоб лъуна Калмыкиялда ккараб иш)

**Араб анкьалда районалда данделъун букIана РДялъул тIолабго мугIрузулаб округалъул спортсменазул сообщество. Гьелъие гIилла букIана Калмыкия лъул тахшагьар Элистаялда гьаб соналъул 2 апрелалда ккараб санагIат бахъараб ишалъе битIараб къимат кьей. Тадбиралде рачIун рукIана РДялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министр М. МухIамадов, гьесул зам, ХI-М. МухIамадов, МугIрузулаб округалъул вакил А-М. Абулмуслимов, Хьаргаби, ЦIумада, Хунзахъ ва цогидалги районаздаса спортсменал ва тренарал. ГIахьаллъана нилъер районалъул имам Гъ-М. Абакаровги.**



РакIалде щвезабизин, 2 апрелалда 22 сон барав Дагъистаналъул спортсменас гьалмагъзабигун цадахъ буддиязул храмалдеги ун калмыказул хирияблъун кколеб Буддал статуя инжит гьабула. Гьеб ишалъул жидецаго рахъарал суратал гьез лъола социалияб сетадла ва тIиритIизарула, гьеб хехго щола бакIалъулал гIадамазухъе, гьезул 500 гIан чияс спорт-сменал чIараб гостиницаялдеги рачIун, хIалбихьула гIодор накабиги чIван, гьезда тIаса лъугьа,-ян абизабизе. ДагIбарагIи гIодобцинабизе кIвана полиция лъул кумекалдалъун. ГьабсагIаталда унеб буго цIех-рех, спортсмен ккун вуго.

Унсоколо районалда гьеб суал гьоркьоб лъеялъе гIилла букIана гIолеб гIелалъе тарбия кьей, хасго спортсменазда гьоркьоб цоцаздехун ва дандияздехун адаб-хатир куцай. Районалъул администрациялъул рахъалъ саламалъулал рагIаби абун кIалъана бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов.




(Ахир 2 гъумералда)


## Общественнияб палатаялъул данделъи



Араб анкьалда райадминистрациялда букIана общественнияб палатая лъул заседание. Гьелъул балагьиялде босун букIана республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитIаб, гьединго Палатаялда кколел ругел хиса-басиял.

Заседание байбихьана ХитIабалдасан, щивав кIалъарас Дир Дагъистан, Дир Россия,-ян рекIелъ гьеб хисизабизе хIасратгун бицунеб букIана гьаризесел хIалтIабазул. Палатаялъул пред. М. ГIабдулаевас бихьизабуна Посланиялда киналго бутIабазул гъваридаб анализ гьабун бугин ва общественниял организациязул хIалтIуде кIвар кьезе бихьизабун бугин. «Нилъер ишазе хасго республикаялъул БетIерас гуребги РДялъул Общественнияб палатаялъги лъикIаб къимат кьун бугин абуна гьес. – Нилъеца кумек гьабизе ккола жавабиял суалал тIуразариялъе, власталъе гIадамазулгун бухьен чIезабиялъе. Гьеб буго нилъер аслияб хIалтIи». М. ГIабдулаевас ракIалде щвезаруна криминалиял ишаз ракI бакъвазабурал сонал. Гьанже халкъги властги гIезегIанго цоцаде гIагарлъун ругилан бихьизабуна гьес. «Посланиялда кIвар кьун руго коррупциялде, импортозамещениялде, ахазде, росдал магIишаталде, консервазул магIишаталде, лъай кьеялде, сахлъи цIуниялде, ракьул реформа гьабиялде ва гь. ц. Бихьизабуна харжал 3,3 проценталъ цIикIкIанин. Амма информация цо бакIалда чIун гьечIо,-ян бихьизабуна М. ГIабдулаевас.

КIудияб гара-чIвари ккана школазда цIалул ва тарбия кьеялъул суалалдасан. Шамильхъала поселокалъул учительница, палатаялъул член Б. ХIайбулаевалъ бицана: дир цо цIалдохъанас дарсида лъазабуна «Бищунго битIараб дин ислам бугин, гьеб гьабуларел чIвазе бегьулин». Дица гьесда абуна киналго диназул хIурмат гьабизе кколин, киналго гIадамал вацалъцал ругин. Нахъисеб къоялъ диде кIанцIана цIалдохъанасул эмен, дуца дир вас коммунистияб идеологиялде цIалев вугин. Дица гьарилаан щибаб рузман къоялъ руччабазул ратIлил вагIза гьабулел рукIинчIого диниял гIадамаз гьединаб рахъалъул бице,-ян.

Гьеб суалалда хурхун ахIи-хIур бахъана залалда. КIалъазе рахъараз бихьизабуна нилъерго церехъабазул мисалалда куцайин лъимал,-абун. Жиндирго кIалъаялда районалъул цебе букIараб цIар борхизабизе ахIана палатаялъул член ХI. МухIамадзагьидовасги.

Гьединго заседаниялда хиса-басиял ккана палатаялъул составалъулъ. Республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул бихьизабиялда рекъон муниципалитетазда общественнияб комиссариат, ай коррупциялде данде къеркьеялъе бакI букIинабиялъе кьураб предложениялда рекъон вищана Адам ГIабдулаев.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 15 (7207)*
*18 апрель 2016 сон*



Дагъал церегIан къоязда Шамильхъалаялъул школалда тIобитIана республикаялъул информатикаялъул учительзабазул олимпиада. Гьенир гIахьаллъана анкьго школалъул информатикаялъул учительзаби. Къецазда бергьана Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалъул учительница ХIайбулаева Разият АхIмадовна.

Район гIуцIун - 80 сон — КIудияб Бергьенлъиялъ -71

# КIочонареб лъалкI



Ракьалде гьитIинго рокьи букIиналъ бокьун букIана Генуб росулъа Айгунов МухIамадие сельхозрабфак лъугIизабизе. Кирего машгьурал гендерил ахихъабазда гьоркьов гIурав гьесда гъветI-хералъе хъулухъ гьабизе лъаларого гуро букIараб. ГъветI-хералъул хIакъалъулъ гIелму лъазабизе гIащикьго вукIана гьев. Гьеб анищ тIубачIо. ТIоцебесеб курсалдасанго БагIараб Армиялде хъулухъ гьабизе ахIиялъ. ТIолабго гIумроялъ гьев хутIана гIелму цIаличIев ахи хъанлъун.

Гьеб букIана I940 сон. МухIамадида тIоцебе рагъ дандчIвана Калининград областалъул ракьалда. Нилъер улкаялъул рикIкIен гIемерал бакIалги немцазул фашистаздаса эркен гьабулаго гьесул рагъулаб нух хала лъана Румыниялде щвезегIан. Росдал магIишаталъул махщелчилъун вахъинчIониги, вахъана гъунар бугев рагъухъанлъун. ЛъугIизабуна Ленинградалъул пехотаялъул училище, цинги хадуб офицерзаби хIадур гьарулел курсал. БатIи-батIиял полказда батIи-батIиял къвагьдохъабазул ротабазе команда гьабуна гьес. Рагъда лъукъана кIицIулго. КIиябго нухалда халатаб заманаялъ госпиталалдаги вегун жиндирго полкалде тIад вуссана. Прибалтикаялъе гIоло рагъазулъ БакътIерхьул Двина гIорги бахун гьабулеб тIадекIанцIиялъул операциялда ротаялъе бажарун нухмалъи гьабиялъе гIоло М. Айгуновасе шапакъаталъе кьуна III даражаялъул Кутузовасул орден.

Бергьенлъиги босун, капитанасул чингун вуссана рагъдаса МухIамад. I946 соналда республикаялъул рагъулаб комиссариаталъ М. Айгунов витIана ЛъаратIа районалде рагъулав комиссарасул хъулухъалде ва запасалде инегIан гьенив хIалтIана.

ВатIаналъул эркенлъи цIунун бахIарчиго вагъана МухIамад, гьес жиндирго гьитIинабго букIаниги бутIа лъуна КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабиялъе.

**Экология**

# Экологиялъул хIинкъиялдаса цIуниялъул къоял

ТIолгороссиялъул гIуцIиялъул комитеталъул хIукмуялда рекъон, тIолабго Россиялда ва Дагъистаналдаги гьаб соналъул 22 апрелалдаса 5 июналде щвезегIан тIоритIулел руго экологиялъул хIинкъиялдаса цIуниялъул къоял.

Щибаб соналъ их тIаде щолеб заманаялъ, араб соналдаги ккана 2-3 хIужа рохьал рухIиялъул хIасилалда зарал ккарал. ЦIа ккола бищун кутакаб зарал кьолеб, рохьазул кIудияб тушман. Гьеб ккунгут1иялъе киналго х1алт1аби гьаризе ккола нилъеца.

Ракьул къо ккола 22 апрель, радиациялъул авариязда ва балагьазда гIемерал гIадамал хвеялъул – 26 апрель, халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул къо I июнь ва тIолгодунялалъул сверухълъи цIуниялул къо-5 июнь. Тарихиял къоязде тIабигIат цIуниялъул киналго хъулухъал ва информациялъул алаталги цадахъ ре къон хIажат буго гIадамазда гьоркьоб тIабигIат цIуниялда хурхун гIаммаб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе. ЦIикIкIараб хIалтIи гьабизе хIажат буго районалъул школазда. Конкурсал ва цогидалги тадбирал гьарун хIажат буго «ТIабигIат цIуни», «Экологиялъулаб лъай кьеялъул къоял» темабазда.

Цо-цо школазда цIалдохъабаз хъулухъ гьабула рохьор гурел гIисинал гьутIбузе, чIола цIиял гьутIби, ракIарула даруял хурдул ва пихъал, гьединго бакIарула накIкIил гьутIбузул хьон. ЦIунула балъго рохьоре цIуладе хьвадулел «гIащтIичагIаздаса». ТIабигIаталъул кружокалда гIахьаллъарал гIемерал цIалдохъаби лъутьуна тIабигIаталъул унго-унгоял гьудулзабилъун.

Кверш ккараб жо буго нилъер районалда умумаз хIалтIизарулел рукIарал ракьал рехун тун, рекьичIого толел рукIин. ЧIахIиязул ракьалдехун гьадинаб балагьиялъ лъималазул рохьаздехун, ракьалдехун рокьи чучлъизе гьабулеб буго. Гьединлъидал тIабигIат цIуниялде гIолеб гIелалъул бугеб бербалагьи хисизаби мурадалда гьаризе хIалтIаби гIемерал руго. Гьелда хурхун тадбирал гьариялде нилъ гIедегIичIони, районалда сверухъ



бугеб тIабигIат рукIалиде ккезабизе метер кватIун букIине бегьула.

**ХI-М. ГIАЛИЕВ.**

**РДялъул минприродаялъул Болъихъ бугеб тIабигIаталдаса пайда босиялъул комитеталъул госинспектор.**

# Напоминание о необходимости сдачи декларации по НДФЛ

МРИ ФНС России № 10 по РД напоминает, в настоящее время продолжается декларационная кампания по налогу на доходы физических лиц, в рамках которой налогоплательщики обязаны в срок до 04 мая отчитаться о полученных ими в 2015 году доходах.

То есть до 04 мая лицам, получившим в 2015 году облагаемые НДФЛ доходы, необходимо подать налоговую декларацию в налоговый орган по месту жительства.

Для заполнения налоговой декларации по доходам 2015 года рекомендуем использовать специальную компьютерную программу , которая находится в свободном доступе на сайте ФНС России.

Кроме того, на сайте ФНС России в разделе «Физическим лицам» содержится большое количество информационных материалов (брошюр, схем, алгоритмов), наглядно и в доступной форме демонстрирующих основы законодательства по НДФЛ, а также размещены электронные сервисы, созданных для удобства налогоплательщиков.

Одним из таких сервисов является сервис «Разъяснения ФНС России, обязательные к применению налоговыми органами», с помощью которого можно ознакомиться с официальными письмами ФНС России и Минфина России по вопросам применения законодательства по налогам.

Например, данный сервис содержит письма, в которых изложена позиция Минфина России относительно порядка определения дохода, полученного от продажи долей в квартире, предоставления имущественного налогового вычета пенсионерам, возможности получения социального налогового вычета по расходам на обучение своего брата (сестры) и т.д.

Важно понимать, что все размещенные в этом разделе письма обязательны к применению всеми налоговыми органами страны. Соответственно, к налогоплательщику, использующему в налоговых вопросах положения писем, размещенных в сервисе «Разъяснения ФНС России, обязательные к применению налоговыми органами», не может быть претензий со стороны налоговых органов.

*М. Курахмаев*
*Начальник ОРНП*
*МРИ ФНС России № 10 по РД*

*Как провести Всемирный день охраны труда*

# «Стресс на рабочем месте: коллективный вызов»

## К вниманию руководителей организаций, работников в связи с проведением Всемирного дня охраны труда.

Всемирный день охраны труда традиционно проводится 28 апреля. Культура охраны труда трактуется как высокий уровень развития системы сохранения жизни и здоровья работников в процессе трудовой деятельности.

Проблема повышения культуры охраны труда многофункциональна, требует комплексного подхода к ее решению и включает управленческие системы и практику участия в них работников, дисциплину на рабочем месте, все те принципы, отношения и правила, которые способствуют созданию безопасной и здоровой производственной окружающей среды в условиях, когда работа организована производительно и качественно.

Согласно результатам исследований РАМН, здоровье человека обусловлено следующими факторами: образом жизни – на 50%; генетическими (врожденными) факторами – на 15–20%; экологией, включая производственные факторы, – на 20–25%; деятельностью медиков – на 10%.

Основная цель Всемирного дня охраны труда – привлечь внимание работодателей, работников, общественности к обеспечению безопасных и комфортных условий труда на производстве, которые способствуют повышению производительности труда в масштабе страны и каждого предприятия в отдельности.

Считаем важным провести «День охраны труда» в каждой организации. Комплекс мероприятий должен быть направлен на усиление внимания к проблемам безопасности на производстве, улучшению информированности работников о существующих производственных рисках, способах защиты от них, повышению их сознательного отношения к собственной безопасности.

***Рекомендуемые мероприятия:***

1. Руководителям организаций и предприятий провести совещания, семинары, беседы, круглые столы по проблемам охраны труда с подведением итогов деятельности по охране труда с участием специалистов предприятий, профсоюзной организации, государственных инспекторов по труду;
2. Специалистам по охране труда, уполномоченным (доверенным) лицам по охране труда профсоюзов, членам комитетов (комиссий) по охране труда подготовить анализ причин травматизма и профессиональных заболеваний в организации в целом, а также по цехам, профессиям, видам работ, довести их до сведения работников организации;
3. Провести обследования состояния условий и охраны труда на рабочих местах с подведением итогов и награждением лучших работников;
4. Оформить стенды и уголки по охране труда.
5. Разместить в средствах массовой информации публикации об опыте работы в сфере охраны труда.

***М. МАГОМЕДАЛИЕВ,***
***Старщий инспектор по трудо устройству ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район»***

**20 АПРЕЛЯ 2016 ГОДА В ГКУ РД ЦЗН В МО «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН» ПРОВОДИТСЯ ВИДЕО-СОБЕСЕДОВАНИЕ**

20 апреля 2016 года в ГКУ РД ЦЗН в МО "Унцукульский район" будет проводится видео-собеседование по подбору кандидатов на вакансии: кассир, работник торгового зала, менеджер, финансовый консультант, менеджер по работе с клиентами, агент страховой, продавец, уборщик помещений, водитель погрузчика на предприятиях, Санкт – Петербурга с предоставлением жилья. Всех желающих просьба зарегистрироваться до 18 апреля 2016 года, до 12:00 по адресу: ул. М. Мустафаева 30, в ГКУ РД ЦЗН в МО "Унцукульский район".

За дополнительной информацией обращаться в ГКУ РД ЦЗН в МО "Унцукульский район" по адресу: Унцукульский район, с.Унцукуль, ул. М. Мустафаева 30.
тел. (822) 55-62-58,55-62-57 эл.адрес: e-mail:czn-uncuk@mail.ru

***Р. Магомедалиев .***
***Специалист по информационному обеспечению ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район»***

*Экстремизм-терроризм*

# Парахатаб гIумроялъе гIоло

**Дагъал церегIан къоязда районалъул администрациялда букIараб АТКялъул заседаниялда гьоркьоб лъуна 20I5 соналда районалъул ОВДялъ гьабураб хIалтIул суал. Гьениб информация гьабуна МВДялъул Унсоколо районалъул отделалъул начальник, полициялъул майор М. МухIамадовас.**

ХIисаб кьеялъул заманалда жаниб гIезегIанго борхун букIана хъвай-хъвагIай гьабурал такъсириял ишазул къадар. I2 моцIида жаниб бахана 332 ялде (АППГялъул – 325 ялде). Гьездасан захIматаб яги цIакъго захIматаб такъсир букIана 114 (74). Рагьун буго 297 такъсир (243). Гьеб ккола 82 % (АППГ- 86,2 %). Республикаялдаго гьеб рагьун буго 8I,5 процент.

Заманалда чIезабун буго 65 (39) такъсир, гьездасан 60 (20) ккола захIматал такъсирал. Гьединго цере арал соназул 11 такъсирги рагьун буго.

20I4 соналъул гьабго заманалде дандеккун тIаде цIикIкIун руго гьадинал такъсиразул къадар: масала, гьачагълъи 2-6 щвезегIан (20 %), НВФялъул гIуцIиялъул 40-7-(75,0%), захIматал, черхалъе лъу къелал лъурал I-2 (I00%), вымогательство I-4 щвезегIан, законнияб гуреб ярагъ хIалтIизабиялъул (I5,5%), цIа лъей 2-3 щвезегIан (50%), хъулухъалъулал ишаздасан мекъи пайда босиялъул 5-9 щвезегIан (80 %).

ГIодобе ккун буго цо-цо бутIабазда хъвай-хъвагIай гьарурал такъсирал, масала, ургъунго тIаде кIанцIун чи чIваялъул (50%), кодоса жо бахъи (I00%), гIаммаб уголовнияб мошенничество – (5I,5%). Ярагъ бикъиялъул – (I00%), наркотиказда хурхарал (46,9%), потребительскияб рынокалда хурхарал (46,2%), къвагъулеб ярагъ хIалтIизабиялъул (I4,3%).

Гьебго соналъул къадаралда хутIун руго полициялъул хIалтIухъабазде данде рахъиналъул - 8 такъсир, бикъахъами – 3, экономикияб рахъалъул мощеничестваялъул – I6 такъсир, рищват босиялъул - 2 ва тIаса-масаголъи 1 такъсирги.

ГьабсагIаталда отделалъ тIолабго къуват буссинабун буго экстремизм-терроризмалде данде гьабулеб хIалтIуде. Ралагьулел руго гьеб ишалда хурхарал такъсирчагIи. Розыскалда руго 88 чи, гьездасан 6 чи ккун вуго, 63 чи гIахьаллъулев вуго Сириялда унел рагъазулъ.

*Педагогалъул хIакъалъулъ - рагIи*

# ГIолилазул насихIатчIужу



Кинавго чиясда гуро цогидаз мисал босиледухъ мугIалимлъун хIалтIун бажарулеб

Гьеб жавабияб махщел тIаса бищарасе къваригIуна къохIехьей, хIеренлъи, гьваридаб лъай, рухIияб бечелъи, лъималазде гIорхъи гьечIеб рокьи. ТIадехун рехсарал киналго хасиятал чорхолъ рессарай гIадан йиго Унсоколо росдал №2 школалъул биологиялъул ва экологиялъул учительница, «РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан», лъеберелда щуго соналъул хIалтIул стаж бугей ХIалимат ГIабдурахIманова. Гьелъул дарсида цо чанго минуталъ гIодов чIарасда якъинго бихьула гьелъие лъималги лъималазе гьейги кигIан цоцазе хирияр ругелали. ХIалиматил махщел бугоан цIалдохъабазда чIалгIинаредухъ батIи-батIияб къагIидаби ва хIаялги хIалтIизарун дарс бачине. ХIаракатаб хIалтIуца хIасилалги лъикIал кьола. Масала, 20II-20I6 цIалул саназда гьелъул цIалдохъабаз районалъул ва республикаялъул олимпиадабазда анцIила щуго тIоцересел бакIал ккун руго.

Щварал бергьенлъабазда гIей гьабун чIолеб хасият гьечIо ХIалиматил, гьелъул цIалдохъабазул бергьенлъабазул нилъеда жеги гIемераб рагIила. ХIалиматица гIемерал саназ тIатIалаго тIубазабулеб букIана биологазул райМОялъул нухмалъулесул хIалтIиги, гьей ккола гIолохъанал педагогазул насихIатчIужуги.

ХIалимат ГIабдурахIмановалъул хIалтIул хIакъалъулъ бицунаго школалъул завуч Муъминат МухIамадовалъ абуна: «Гьелъул гIажаибаб махщел буго лъималазул цIалуде рокьи бачIинабизе. ХIалиматил щибаб дарс букIуна цIалдохъаби ургъизе тIамулеб къагIидаялда ургъараб, гьедин гьабиялъ дарсалги лъикIго ракIалда чIолеллъун лъугьуна. КIвахI тун хIалтIиялъул хIасилалда гьелъул цIалдохъабаз олимпиадабазда кидаго лъикIал хIасилал рихьизарула».

***МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.***
***Суратталда: ХI. ГIабдурахIманова.***

## КъватIисел улкабазул мацIалда



Дагъал церегIан къоязда республикаялъул лъай кьей цебетIезабиялъул институталъ ва РДялъул лъай кьеялъулгун гIелмуялъул министерствалъги Дагъистаналъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIана къватIисел улкабазул мацIазда сочинениял хъваялъул конкурс. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул ГIашилтIа гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан ПатIимат МухIамадовалъги. Гьей конкурсалде хIадур гьаюна учитель НурмухIамад МухIамадовас.

Сочинение хъвазе кколаан французазул мацIалда, тема букIана «ИГИЛ – угроза обществу»,-абураб. П. МухIамадовалъ гьеб хъвана рагIа-ракьанде щун, магIнаялда, бицинегIан гьалатI гьечIого. Гьелъул сочинениялъе лъикIаб кьимат кьуна конкурсалъул нухмалъулей Л. Н. Абрамовалъ. ХIасилал гьарулаго П. МухIамадовалъе щвана III бакI.

РакI-ракIалъ баркула гьелда рес публикаялъул кIваралъул тадбиралда щвараб бергьенлъи.

*Дин ва гIумро*

## Ракьалъул ахIи

Ракьалъ щибаб къоялъ инсанасде балеб буго анцIго ахIи:

I. Ле, гIадамал! Мун дида тIасан вилъанхъула, ахир дир чохьонивеги ине вуго.

2. Дуца дида тIад гьарурал мунагьазухъ, дир чохьониб дуца чIамила гIазаб.

3. Дида тIад мун велъа-вохун хьвадула, дир чохьонив мун гIодула.

4. Дида тIад мун бечедго хьвадула, дир чохьонив мун язихълъула

5. Дир гьодида тIад дуца бакIарула дунялалъул боцIи, дир чохьониб дур ракI бухIила.

6. Дида тIад дуца кванала хIарамаб жо, дида жаниб мун кванала хIапароялъ.

7. Дида тIад дуца къотIула диван, дида жаниб дуе къотIила гьеб.

8. Дида тIад воханиги, дир чохьонив пашманлъила мун.

9. Дида тIад дуе буго канлъи, жаниб бецIлъи.

I0. Дида тIад мун вуго гIадамалгун, жаниве мун вачIуна цохIо мунго.

# Ражаб

Гьеб сордоялъ лъиего кьечIеб бищунго тIадегIанаб даражаялде вахинавуна нилъер авараг (с. т. гI. в.). Ражаб моцI ккола жидеда жаниб рагъ хIарам гьабурал хIурматиял моцIазул цояблъунги. Гьел моцIал тIаде щвараб мехалъ, ислам бачIинегIанги гIарабаз рагъ къотIизе толаан. Гьел моцIаз кIалал ккевзе суннатабиланги буго. ТIубараб ражаб моцIалъ ккун бажаричIони, моцIалъул тIоцебесеб, ахирисеб ва бакьулъа лъаб-лъаб къоялъ яги итни-хамизалъул къояз ккевзе гIамал гьабизе ккела.

КъурIаналда ГIадегIанав Аллагьасги абулеб буго (магIна): «Аллагьас зоб-ракь бижаралдаса хадубго Гьесда аскIоб моцIазул рикIкIеналъул къадар I2 моцI ккола, гьезда гьорлъ ункъгояб жинда жаниб рагъ хIарам гьабурал руго, воре, нужеца гьел моцIаз цоцазе зулму гьабуге»,-ян.

Цогидал моцIаз гьарурал мунагьазде дандеккун гьел моцIазулъ гьарурал мунагьал цIакъо кIодолъула. Гьединлъидал, гьекъолди, зина, зулму, гьибат-бугьтан ва цогидалги мунагьаздаса хасго гьел моцIазулъ рикIкIад чIезе ккола.

Аллагь разилъаяв ибну-ГIабасица абулеб буго: «АнцIила кIиябго моцIалда гьоркьоса хас гьабун ражаб, зулькъагIида, зульхIижа, мухIаррам – ункъалго моцIазул хIурмат гьабуна, гьел ункъалго моцIазулъ гьабурал квешал гIамалазул мунагьал кIодолъулелго гIадин, гьабураб лъикIаб гIамалалъул кириги кIодолъула»,-ян.

Хирияв диналъул вацалги яццалги Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги гьел хирияв моцIаз кIал ккун, лъикIабщинаб гIамал гьабун, сардилъ гIаде рахъун, Аллагь рехсон, Гьев разилъиледухъ хирияв гIужал нухда тIоритIизе.

**МухIамад-хIажи МУХIАМАДОВ.**

| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28. Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru | Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать 17. 04. 16 г. 19. 10 фактически -21. 10 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках. Тираж - 1400 экз. |
|---|---|---|---|